


Resansman 2020 : Misyon nou se pou nou konte tout moun

Biwo Resansman Etazini tanmen efò li fè chak dis lane pou li òganize yon resansman sou popilasyon ak lojman. Misyon nou se pou nou konte tout moun yon fwa, yon sèl fwa, kote yo dwe konte yo a. Tandans ki alamòd nan sosyete a, nan demografi a, ak nan teknoloji a, fè li difisil pou nou lokalize moun yo e pou nou ankouraje yo patisce nan resansman desenal. Kidonk, gen kèk gwoup nan popilasyon an ki "difisil pou konte." Biwo Resansman an konsakre atansyon I ak resous li sou popilasyon ki "difisil pou konte" yo, yon fason pou li asire I tout popilasyon an kalkil konplè epi egzat.

Kòman Biwo Resansman an defini popilasyon ki "difisil pou konte" yo ?

Pami popilasyon ki difisil pou konte yo jeneralman nou jwenn sa ki difisil pou lokalize yo, tankou kay ki ka pa parèt nan lis adrès Biwo Resansman an. Gen kèk popilasyon ki ka difisil pou kontakte paske yo pa ret nan yon kay fiks, yo sanzabri oswa y ap viv nan ti kominate ki fèmen.

Popilasyon ki difisil pou konte yo kapab tou sila yo ki difisil pou yo konvenk paske yo manke gen konfyans nan gouvènman an ak nan fason gouvènman an pral itilize enfòmasyon y ap pran yo. Yo kapab difisil pou konte tou akoz baryè lang oswa si yo pa gen twòp aksè a Entènèt.



Popilasyon ki difisil pou konte yo ka tonbe nan plizyè kategori. Tankou:

- Timoun piti ki poco gen laj 5 lane.
- Moun ki pa gen yon kote yo rete fiks menm.
- Minorite rasyal ak minorite etnik.
- Moun ki pa pale anglè.
- Moun ki p ap touche anpil kòb.
- Moun ki sanzabri.
- Imigran ki pa gen papye.
- Moun ki an kontravansyon ak gouvènman an.
- Moun ki fè pati LGBTQ yo.
- Moun ki gen andikap mantal oswa andikap fizik.
- Moun ki pa p viv nan lojman tradisyonèl yo.

Suiv nou :

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon :

2020CENSUS.GOV

Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
Census
2020

Kòman Biwo Resansman an ap rive sou moun “ki difisil pou konte” yo

Biwo Resansman an fè tout sa ki depann de li pou li konte tout moun ki ap viv nan peyi a yon fwa, yon sèl fwa, kote yo dwe konte yo a, san yo pa blyie moun ki difisil pou konte yo.

Pami metòd li itilize yo nou jwenn:

- Itilizasyon teknoloji satelit ak enstans ki liste adrès yo pou verifye epi tcheke adrès yo nan tout kominate peyi a.
- Livrezon dokiman pou resansman 2020 an bay zòn ki espesyal yo, tankou kominate ki izole nan Nò Alaska ak lòt zòn katastwòf natirèl te ravaje, tankou siklon Michael nan Florida.
- N ap mennen yon operasyon espesyal pou nou konte “Lojman an Gwoup,” tankou kote moun yo ap viv nan lojman inivèsite, kay pou mezon retrèt, kan militè, ansanm ak prizon.
- Nou ap travay ak patnè lokal nou yo pou nou idantifye kote, tankou abri pwovizwa ak kote pou moun manje gratis, yon fason pou nou ka pi byen konte moun ki sanzabri yo.

Resous pou moun ki andikape

Pou nou ede ameriken ki gen andikap yo, n ap bay gid nan zafè lang nan Lang Siy Ameriken, an ekriti bray, ak enpresyon an gwo lèt sou sit entènèt 2020Census.gov lan. Èd pou Ranpli Kesyónè Resansman an ap gen ladan tou yon nimewo telefòn espesyal pou sila yo ki ap itilize yon aparèy telekomunikasyon pou moun ki soud oswa ki tande di.

Resous pou moun ki pa pale Anglè

Kesyónè ki sou entènèt la ansanm ak Èd pou Ranpli Kesyónè Resansman an ap disponib nan 12 lang anplis lang Anglè : Espanyòl, Chinwa, Vyvetnamyen, Koreyen, Ris, Arab, Tagalòg, Polonè, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Japonè. Gid pou lang, glosè, ak kat pou idantifye lang yo ap disponib nan 59 lang anplis lang Anglè a. Kesyónè an papye a ap disponib an Anglè ak an Espanyòl.

| | | | | | | |
|---------------|------------------|-------------|-------------|--------------|-------------|---------------------|
| ➤ Espanyòl | ➤ Kreyòl Ayisyen | ➤ Bengali | ➤ Woumen | ➤ Tamil | ➤ Tigrinya | ➤ Igbo |
| ➤ Chinwa | ➤ Pòtigè | ➤ Grèk | ➤ Telougou | ➤ Navajo | ➤ Ilokano | ➤ Marati |
| ➤ Vyvetnamyen | ➤ Japonè | ➤ Amarik | ➤ Biman | ➤ Ongwa | ➤ Olandè | ➤ Singalè |
| ➤ Koreyen | ➤ Italyen | ➤ Somali | ➤ Penndjabi | ➤ Ebre | ➤ Kwoat | ➤ Slovak |
| ➤ Ris | ➤ Fasi | ➤ Tay | ➤ Lawo | ➤ Malayalam | ➤ Bilga | ➤ Lang siy ameriken |
| ➤ Arab | ➤ Alman | ➤ Goujarati | ➤ Mong | ➤ Swahili | ➤ Twi | |
| ➤ Tagalòg | ➤ Amenyen | ➤ Kmè | ➤ Albànyen | ➤ Yidich | ➤ Lityànyen | |
| ➤ Polonè | ➤ Enndi | ➤ Nepalè | ➤ lang Tik | ➤ Endonezyen | ➤ Yowouba | |
| ➤ Fransè | ➤ Ikrenyen | ➤ Oudou | ➤ Bosnyen | ➤ Sèb | ➤ Tchèk | |

Anplis de sa, Biwo Resansman an ap angaje anketè pou travay nan kominate kote yo, kominate kote yo abitye avè yo, kote yo pale menm lang ak moun yo, kominate kote yo ap travay déjà.

Suiv nou :

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon :

2020CENSUS.GOV

Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
Census
2020